

Soal Ulangan Bahasa Jawa Kelas 6 Semester 1

Soal Pilihan Ganda Bahasa Jawa Kelas 6

1. Upacara tedhak siti yaiku upacara kanggo bocah kang umur
 - a. 4 sasi
 - b. 5 sasi
 - c. 6 sasi
 - d. 7 sasi
2. Banyu kang digunakake kanggo ngedusi bocah an dislameti wektu tedhak siti yaiku
 - a. banyu sumur
 - b. banyu kembang
 - c. banyu kali
 - d. banyu bening
3. Sawise diedusi lan disalini nganggo klambi anyar wektu acara tedhak siti bocah mau banjur
 - a. dikurung
 - b. midak jadah
 - c. ditetah
 - d. menek tebu
4. Nyebar beras kuning karo dhuwit iku diarani
 - a. nyebar beras
 - b. playon
 - c. sedekah
 - d. udhik-udhik
5. Umur pitung sasi bocah iku wayahe dikapakne
 - a. dikurung
 - b. midak jadah
 - c. ditetah
 - d. menek tebu

Wacanen kanthi permati!

Ing antarane bapak-bapak sing lenggah mau, ana piyayi sing lenggah ing pojok adoh karo lawang omah iku. Priyayi iku rada sepuh ngagem kupluk, ya priyayi iku sing mimpin donga ing kendurenan. Priyayi iku mau lumrah disebut kaum. Lumrahe kaum iku wasisi ing bab ilmu agama.

Kaum mau wiwiti donga sawise rombongan kendurenan dianggep wis kumpul kabeh. Sadurunge donga, kaum ngandharake tujuan dianakake kendurenan. Maksude ora liya nyuwun keslametan, kerukunan tumrap warga lan keluwigane sing padha ngumpul.

Donga rampung, tutup-tutup ambeng dibukak. Kanthi mardika warga kumpul padha ngedhapi ambeng sing ana ngarepe. Bisa milih ambenge tangane. Rampung ngedhapi ambenge sing cedhak karo lenggahe banjur padha kondur.

6. Kendurenan iku slametan sing lumrahe tujuane ...
 - a. nyenyuwun keslametan marang gusti Allah
 - b. ketemu karo tangga teparo
 - c. ngedohne paseduluran
 - d. ngetokake sugihe

7. Sing mimpin donga nalika kendurenan iku lumrah disebut
 - a. kaum
 - b. naib
 - c. carik
 - d. modin
8. Kang ora disuwun dening warga nalika kendurenan yaiku
 - a. keslametan
 - b. lancare rejeki
 - c. kabagaswarasan
 - d. kacilakan
9. Sawise didongani, ambeng padha dikedhapi, iku tandha pribadine warga kang
 - a. guyup
 - b. grapyak
 - c. andhap asor
 - d. prigel
10. Meh saben wulan, ing salah sawijining papan ing tanah Jawa Tengah nganakake kenduren, iku tandha yen warga isih nguri-uri bab
 - a. tata krama
 - b. tata susila
 - c. budaya
 - d. upacara
11. Upacara ruwatan tujuane kanggo
 - a. golek dana
 - b. narik wisatawan
 - c. seneng-seneng
 - d. nyuwun keslametan
12. Wong nandhang sukerta yaiku wong
 - a. tansah mulya uripe
 - b. tansah sial / katula-tula uripe
 - c. kang sugheh bandha
 - d. kurang waras pikire
13. Sesaji woh-wohan kang dianggo upacara ing Umbul Tirta Mulya yaiku
 - a. gedhang mas, woh naga lan apel
 - b. apel ijo, gedhang mas, lan woh naga
 - c. woh naga, gedhang ijo, lan pelem gadung
 - d. pelem, gedhang kepok, lan jeruk nipis
14. Upacara ruwatan Ageng Tutup Sura dipandhegani dening Bu Dewi.
Tembung dipandhegani tegese
 - a. dipimpin
 - b. ditekani
 - c. diragati
 - d. dikancani
15. Tari Bedhaya kang digelar ing ruwatan kasebut yaiku
 - a. Bedhaya katawang arum
 - b. Bedhaya dewi arum

- c. Bedhaya dewi mega awan
- d. Bedhaya srimpi

16. Sawise alesane nganakake Ruwatan Ageng Tutup Sura amarga

- a. tumindak para manungsa sing saya suwe tambah murka
- b. jejege tatanan ndonya perlu disyukuri
- c. syukur panen anamong tani tansah mundhak becik
- d. Gusti marang coba marang para manungsa

17. Manut wacan mau Bu Dewi iku sawijining pawongan

- a. paranormal
- b. putra raja
- c. abdi kraton
- d. pemangku adat

18. Tembung "Begja-begjane kang lali, isih begja sing eling lan waspada", karepe

- a. wong lali karo wong begja
- b. sing lali malah begja
- c. wong eling oleh begja
- d. wong waspada ora eling

19. Kang disebut umbul yaiku

- a. sumber banyu bening
- b. sumber banyu panas
- c. sumber banyu asin
- d. sumber banyu kali

20. Irah-irahe wacan "Ngendheg Kamurkaan, Ngudi Kemakmuran" tembung ngudi tegese

- a. golek
- b. ninggal
- c. milih
- d. nyilih

Soal Isian Bahasa Jawa Kelas 6

Wacanen batin!

Upacara Adat Rayakan Ancak

Upacara Rayakan Ancak utawi Larung Sesaji ing Desa Moro, Kecamatan Bonang, Kabupaten Demak sampun kalampahan wiwit jaman kina ingkang dipunwontenaken saben surya kaping 5 Syawal ing saben warsanipun. Adicara punika nggadahi ancas, wujud syukur saha nyuwun keslametan dhateng Gusti Allah, mliginipun para pamiarsa mina utawi para nelayan.

Sampun dados kapitadosan, bilih upacara rayakan utawi rebutan ancak punika samangke badhe mbekta berkah dhumateng umat manungsa mliginipun para pamiarsa mina. Kanthi kapitadisan ingkang mekaten, prasasat upacara punika boten nate dipuntilaraken. Upacara kasebut saben taunipun mesthi dipunwonteni kanthi slametan tuwin labuhan. Wondene ingkang damel sesaji utawi sajen adat endhas kebo lan ubarampe sanesipun.

Anggenipun ngawontenaken persiapan kangge nyengkuyung adicara kasebut, adat saben pinten-pinten dinten saderengipun. Malah dipundhapak panitia, kanthi rapat utawi pirembagan. Ancas

tujuanipun supados samangke ing tumpuking damel, sedaya saged kelampahan kanthi gangsar lancar boten wonten rubeda punapa-punapa.

1. Upacara Larung sesaji ing Desa Moro, Kecamatan Bonang, Kabupaten Demak arane
2. Upacara Larung sesaji iku dianakake saben
3. Tujuwane adicara Rayakan Nacak yaiku
4. Isine baku paragraf kaping pindho yaiku
5. Adat sajen kang dienggo upacara yaiku
6. Sakdurunge upacara kasebut digawe
7. Tujuwane digawe panitia yaiku
8. Tembung gangsar iku tegese
9. Tembung rubeda tegese
10. Tembung pamirasa mina tegese

Soal Uraian Bahasa Jawa Kelas 6

Wacanen kanthi permati!

Tembung sadranan, asale saka tembung sodrun, tegese ati utawa eling. Ing kene dikarepake kanthi anane sadranan diajab supaya wong-wong ing kono padha eling menawa mbesuke uga bakal ngalami mati. Mula sing padha nyadran nyekar ing pasareane, ndongake marang arwah kang sumare ana ing kono.

Sadranan iku padha dilaksanake ing wulan ruwah. Tembung ruwah asale saka tembung arwah tegese ruh. Mula pancen ya wis jumbuh karo arane sasi, manawa wulan ruwah sing dipilih dening wong-wong kang padha nganakake sadranan, minangka wulan sing padha dienggo nyekar tilik kuburane, ngirim donga ing makame arwah sing wis kondur ing ngayuning Gusti Allah.

1. Apa tegese tembung sodrun?
2. Apa sing dikarepake kanthi anane sadranan?
3. Apa sing ditindakake wong-wong sing padha nyekar ing pasarean?
4. Kapan olehe ngleksanakake tradhisi sadranan?
5. Tulisen pokok-pokok isi wacan ing dhuwur!